# "INFORMATSIYALASQAN JÁMIYETTE MILLIY DÁSTÚRLERDIŃ TURAQLILIǴI: BESIK JIRINIŃ BALA PSIXOLOGIYASINA TÁSIRI. ILIMIY ANALIZ"

**Yaxiyaev Muxammetdin Jumabaevich**
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı,
Kórkem Ónertanıw Jurnalistikası baǵdarı 1-kurs studenti.
**Maulenbergenova Gulnaz Otepbergenovna**
Ilimiy basshı. Kórkem ónertanıw kafedrası assistent oqıtıwshısı.

https://doi.org/10.5281/zenodo.19642136

***Annotaciya***. *Usı maqalada qaraqalpaq xalıq awizeki dóretpeleriniń biri bolǵan besik jırınıń bala tárbiyasında tutqan ornı hám psixologiyalıq áhmiyeti analizlenedi. Maqalada janlı dawısta balaǵa háyyiw aytıwdıń psixologiyalıq tásiri ilimiy derekler arqalı kórsetip beriledi.*

*Ananıń namalı dawısı hám besiktiń turaqlı ritmi balanıń nerv sistemasın tınıshlandırıwı, onıń ruxrıy salamatlılıǵına tásiri sóz etiledi.*

***Gilt sózler:*** *Besik, hayyiw, ruwxıy salamatlılıq, janlı dawıs, bala psixologiyası, dástúrler.*

## KIRISIW

Qanday xalıq bolsa da milliy ózgeshelik hám ózlikti ańlaw onıń perzent tárbiyasınan baslanadı. Qaraqalpaq etnografiyasında besik hám hayyiw balanıń ruwhıy dúnyasın qáliplestiriwshi birinshi process bolıp tabıladı. Háyyiw bul- tek ǵana balanı uyıqlatiwshı nama emes al, onıń tuwılıp kamalǵa kelgenine shekem ruwxıy azıq sıpatında xizmet etiwshi faktor sanalıp kelinbekte. Bala tiliniń kognetiv qáliplesiwi háyyiw qosıǵı hám ana sózleri arqalı júzege shıǵadı.

Háyyiwdiń universal qásiyetleri (tómen ritm, jumsaq namalar, tákirarlanıwshılıq) náresteniń júrek urıwı, dem alıwı hám stress dárejesin tómenletiwi empirikalıq dáliyller menen tastıyıqlanǵan. Ózbek hám qaraqalpaq besik jırları milliy tárbiya hám ruwxıy rawajlanıwda áhmiyetli orın tutatuǵınlıǵı ayrıqsha atap ótilgen. Izertlew nátiyjeleri balalar psixologiyası, muzıka terapiyası hám shańaraqlıq tárbiyada ámeliy qollanıw ushın birqansha usınıslar beredi.

## TIYKARǴI BÓLIM

Besikke balanı bólew Qaraqalpaq xalqı ushın belgili bolǵan dástúrleriniń biri bolıp kelmekte. Bul dástúrdi xalqımız eń jaqın adamları menen ámelge asıradı.. Alımlardıń pikirinshe besik bala ózin ana qarnınan keyingi ózin qáwipsiz sezinetuǵın orın ekenligin atap ótken. Dástúrli besik jırına ásirler boyı aytılıp qáliplesken, mazmunlıq-kompazitsiyalıq negizi tolıq saqlanıp aytıladı. Bul jırlar negizinen tikkeley balalarǵa arnalǵan.

Jır qurılısında “Háyyiw-háyyiw” yamasa “jılama, balam, jılama” sıyaqlı qaytalanatuǵın mativlik shekleri boladı. Besik jırınıń baslı maqseti balanı uyıqlatıw, onı tınıshlandırıw, balanıń jarqın keleshegine jaqsı tilekler aytıwǵa qurıladı. Bala terbetip otırǵan ana besik jırınıń dástúrli formasın paydalanadı.

Óziniń oy tolǵanısın kúyinish-súyinishin sırtqa shıǵaradı. Bul topardaǵı jırlardı táriyxıy turmıslıq temadaǵı hám aytıwshınıń jeke ózine baylanıslı bolıp keldedi. Tiykarında besikte jatırǵan bala ananıń tilin túsinbeydi bıraq ananıń súyiwshilik júregin bul ıńıldawlardan sezedi.

Qaraqalpaq besik jırı bul háyyiw aytıw, terbetiw yamasa balanı aldına alıp otırıp bir qálipte shayqaw degen túsinikti beredi.

“Háyyiw- háyyiw” ózbek xalqında “Alla -alla” sıyaqlı qarqalpaq besik jırındağı turaqlı aytılatuğın orın. Xalıq turmısında besik jırın aytıwshılar tek ǵana analar emes, aqlığın jubatqan atalar hám shańaraq ağzaları barlığıda orınlaydı.[1]

Besik at. 1. Jas balanı bólep uyıqlatıw ushın qol-ayağın baylap jatqarıwǵa qolaylastırılıp , tórt tuyaqlı etip ağashtan islengen zat.

Arnap maǵan atajan, altınnan besik soqtırdıń (≪Qırıq qız≫). [2]

Salıp bul qızdı besikke,
Qoymayıq sańlaq tesik te,
Turaman ózim esikte,
Dep ózi bas bolǵan eken (≪ Berdaq ≫).[2]

Besikke bólew (Besikke salıw): Besikke salıw dástúrinde «alaslaw» (ádiraspan tútetiw) arqalı bala ruwxıy jaqtan páklenedi.

Besik shabıw: Balanı besikke salıw húrmetine shıǵarılǵan dástúr bolıp, besik ústine mingen balaǵa jaqsı niyetler tilenedi.

Professor Zarifboy Ibodullaevtiń aytıwınsha, besik — balanıń den-sawlıǵı ushın eń qáwipsiz orın:

*Garmonlar sintezi*: Balanıń mıyındaǵı áhmiyetli garmonlar dál usı besiktegi turaqlı hám tınısh uyqı waqtında sintezlenedi. Omırtqa hám dene kórinisi: Besik balanıń omırtqasınıń tuwrı ósiwine xizmet etedi hám túrli skolioz kibi keselliklerdiń aldın aladı.

Mıydıń shayqalıwı haqqında mifler: Ayırım jaǵdaylarda besik mıydıń shayqalıwına sebep boladı degen pikirler bar, biraq ilimiy kózqarastan bir tegis ritmde shayqalǵan besik balanıń nerv sistemasınıń bekkemleniwine járdem beredi.[3]

Aynalayın appaǵım-ay,
Qızlar kiygen qalpaǵım-ay,
Qatarıńnan kem bolmay-ay,
Ashılǵay balam bul baxtıń-ay.
Aynalayın qulınım-ay,
Qızlar qoyǵan tulınım-ay,
Sayraǵan baǵda búlbilim-ay,
Aq tamaǵıń búlkildep-ay. [4]

Besik jırı tek ǵana mádeniy miyras emes al, dástúriy tárbiya quralı bolıp da esaplanadı.

Bul hátteki ilimiy tárepten tastıyıqlanǵan bolıp háyyiw esitip ósken bala ruwxıy salamat, aqıllı hám shaqqan boladı. Sebebi besik balanıń fizikalıq densawlıǵın bekkemlep qoymastan júrek qan tamır sistemasınıń iskerligin turaqlastıradı.

Psixologlardıń pikirinshe besikte uyıqlaw nárésteniń uyqısın bekkemleydi, jıllı bir temperatura bolsa, tereń uyqını qollap-quwatlaydı.

Balanıń kewil-keypiyatı uyqı menen tikkeley baylanıslı bolǵanlıǵı sebepli tınısh uyıqlaǵan bala emotsional ózin uslawı da sezilerli dárejede jaqsı boladı.

## PAYDALANÍLǴAN ÁDEBIYATLAR:

1. Járimbetov Q. va boshq. Qaraqalpaq folklorí. – T.: Sano-standart, 2018. – B. 5**9.**

2. Qaraqalpaq tiliniń túsindirme sózligi. Jeti tomlıq. Ekinshi tom (B (baslaw) – G (gimnastika)). – Nókis: «Qaraqalpaqstan», 2023. – 89 b.
3. Ibodullaev Z. Beshikda yot(ma)gan bolalar va pampers zarari // http.uz Ishonch.uz. — 21.11.2024.
4. Járimbetov Q., Nizamatdinov J., Allambergenova İ. Qaraqalpaq folklorı: Filologiya hám tillerdi oqıtıw (qaraqalpaq filologiyası) baǵdarı talabaları ushın sabaqlıq. – Tashkent: «Sano-standart» baspası, 2018. – 60 b.